



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL RAPLE NOUYÒKÈ YO POU YO PRAN MEZI POU YO RETE KOUVRI ATRAVÈ MACHE ETA NEW YORK LA

*Avi re-detèminasyon elijibilite yo ap distribiye bay plis pase 9 milyon Nouyòkè ki enskri nan Medicaid, Child Health Plus ak Essential Plan piske Lwa Federal la egzije kounye a revizyon elijibilite pou pwogram biblik yo rekòmanse*

*Moun ki enskri nan pwogram asirans sante biblik New York yo pral bezwen renouvle asirans yo anvan dat limit la pou evite mank nan kouvèti asirans sante a*

*Mache Sante Eta New York la prepare pou ede konsomatè yo, kenbe enskripsyon yo ouvri pandan tranzisyon pou kite ijans sante biblik la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke renouvèlman asirans sante yo te kòmanse pou plis pase 9 milyon Nouyòkè ki enskri nan pwogram asirans sante biblik yo epi New York pare pou ede konsomatè yo rete kouvri. Lwa federal 2023 sou Kredi Konsolide te mete fen nan egzijans pou kenbe moun yo toujou enskri nan Medicaid, Child Health Plus ak Essential Plan. Kounye a, lwa federal egzije revizyon elijiblite pou pwogram biblik yo rekòmanse. Moun yo ki enskri aktyèlman yo pral resevwa avi renouvèlman anvan dat kouvèti asirans yo ap fini ak enstriksyon detaye sou fason pou rete kouvri ak dat limit yo pou yo aji.

"Nouyòkè yo merite aksè a swen sante bon jan kalite ak abòdab, se poutèt sa administrasyon mwen an te prioyize bay asirans sante yon kantite Nouyòkè rekò", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè sistèm swen sante prensipal nan peyi nou an, nou kontinye asire tout moun nan eta nou an gen aksè a pi bon swen ki disponib epi mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo renouvle kouvèti yo nan pwogram asirans sante biblik New York yo".

An kowòdinasyon ak Depatman Sante, plan asirans sante k ap patisipe yo, founisè swen sante yo, ak plizyè milye anplwaye enskripsyon sètifye atravè eta a prepare pou ede konsomatè yo atravè pwosesis renouvèlman an epi kenbe Nouyòkè yo kouvri. Depatman Sante a revize direktiv gouvènman federal la; devlope plan pou amelyore sistèm yo; ogmanter resous ak plis anplwaye; epi li te kolabore ak ofisyèl eta ak gouvènman federal yo, depatman sèvis sosyal lokal yo, patnè, defansè yo ak lòt pati konsène yo pou ede Nouyòkè yo navege chanjman nan pwogram asirans yo.

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "COVID-19 te gen yo yon gwo efè emosyonèl, fizik ak finansye sou Nouyòkè yo, kidonk li enpòtan pou yo gen tout resous yo bezwen apre pandemi. Depatman an rete angaje l pou l asire Nouyòkè yo rete kouvri epi yo gen aksè a kouvèti asirans sante bon jan kalite ak nan pri abòdab".

**Direktè Medicaid Eta New York Ia, Amir Bassiri, te deklare,** "Pandan twa ane ki sot pase yo, Depatman Sante a te kolabore ak lòt ajans, pati konsène yo ak kominate yo pou ede eta a atravè dezavantaj pandemi an te lakòz. Avèk tranzisyon nan New York apre pandemi, efò nou pou prezève kouvèti asirans sante, pwoteksyon ak sèvis pou Nouyòkè ki pi vilnerab yo ki depann de yo ap kontinye".

**Direktè Egzekitif Sante Eta New York Ia, Danielle Holahan, te deklare,** "Pandan pandemi an, Sante Eta New York (New York State of Health) la te bay plizyè milyon Nouyòkè asirans sante gratis oswa bon mache fas a ensètitid ekonomik ak sante publik san parèy yo. Nou p ap repoze jiskaske nou asire ke tout manm nou yo te gen tout opòtinite pou yo rete kouvri".

Pandan ane k ap vini an, moun ki enskri aktyèlma yo pral resevwa avi renouvelman baze sou dat fen kouvèti yo. Moun ki enskri yo ki gen dat fen kouvèti asirans 30 jen deja kòmanse resevwa avi renouvelman yo. Moun ki enskri nan Sante Eta New York yo ta dwe suiv enstriksyon ki nan avi renouvelman yo epi pran nenpòt aksyon ki nesesè yon fwa fenèt renouvelman an ouvri pou evite yon mank nan kouvèti asirans sante. Manm ki te enskri atravè Depatman Sèvis Sosyal Lokal yo oswa Administrasyon Resous Imèn Vil New York (HRA) ap resevwa yon pake renouvelman pa lapòs epi yo ta dwe suiv enstriksyon ak dat limit ki endike nan pake sa a pou renouvele pwoteksyon yo.

Nouyòkè ki gen revni ak lòt sikontans familyal yo te chanje depi pandemi an te kòmanse epi yo pa elijib ankò pou pwoteksyon publik ki totalman sibvansyone, kontinye gen yon pakèt opsyon asirans sante gratis oswa bon mache ki disponib. [Essential Plan](#) New York pou moun ki gen revni fèb pral fasilitate tranzisyon pou Nouyòkè ki pa elijib ankò pou Medicaid ak [kredi taks federal amelyore](#) rann kouvèti pi abòdab pou moun k ap fè tranzisyon nan yon Plan Sante Kalifye.

Enskripsyon nan Eta Sante New York ap rete ouvè jiska me 2024 pou nenpòt moun ki pèdi pwoteksyon Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan pandan pwosesis redetèminasyon an ap kapab enskri nan yon Plan Sante Kalifye, si yo kalifye.

New York te fè gwo pwogrè nan dènye ane yo, ansam ak efò federal yo, pou amelyore jan asirans sante nan bon mache ak aksesib, sa ki te pote to moun ki asire yo nan nivo istorikman ba:

- Nan bidjè Eta ane fiskal 2021, New York te elimine prim nan Essential Plan pou granmoun ki pa elijib pou Medicaid ki gen revni ki rive jiska 200 poustan FPL;

- An 2021, New York te akselere disponiblite Kredi Taks Prim yo pou kouvèti Plan Sante Kalifye pou Nouyòkè ki gen revni ki pi wo pase 200 poustan FPL;
- Nan bidjè Eta a ane fiskal 2023, New York te pwolonje 12 mwa kouvèti asirans apre akouchman pou moun ki ansent nan Medicaid, li te elimine prim pou timoun ki gen revni ki egal oswa pi ba pase 222 poustan nan FPL nan pwogram Child Health Plus yo, epi li te aliyen nivo kalifikasyon Medicaid pou tout adilt nan 138 poustan FPL;
- Nan bidjè Eta a ane fiskal 2024, eta a te repete entansyon li pou l chèche yon dispans federal pou pwolonje Essential Plan pou plis Nouyòkè ki gen revni ba ak modere avèk revni ki rive jiska 250 poustan FPL, sa ki pral fasilite tranzisyon an pou konsomatè k ap kite Medicaid.

Pou plis elijibilite ak renouvèlman sou Mache Eta New York la, Nouyòkè yo dwe kontakte [biwo Depatman Sèvis Sosyal](#) lokal yo, oswa aprannplis sou [sitwèb Sante Eta New York](#) la ak [sitwèb Medicaid Depatman Sante](#) a. [Bidjè ane fiskal 2024 Gouvènè Hochul yo adopte](#) a bay yon lòt envestisman 22 milya dola sou plizyè ane pou sipòte sistèm swen sante Eta a, ki gen ladan yon lòt 1 milya dola nan finansman kapital swen sante pou founisè yo ak benefis Medicaid elají pou plis pase 7.8 milyon Nouyòkè ki gen revni fèb.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)